




# MTPTC

Ministè Travo Piblik  
Transpò ak Kominikasyon

## RÈG POU FÈ PLAN YON KAY TOU NÈP KI GEN ETAJ

Yon kay ki gen etaj, ki gen bon plan ap  
pi an sekirite nan tranbleman tè.




Mi ki nan etaj anlè a dwe chita sou mi ki nan etaj anba

Tout pwa ki pa gen yon bagay k ap sipòte li ka fè kay la tonbe




Etaj anlè a pa sipoze pi gwo pase sa ki anba a

Yon etaj ki pi gwo ke sa ki anba li a ap fè kay la pa estab



Chak pote dwe sòti depi nan fondasyon an pou rive sou tèt dal la

Tout pote ki pa sòti depi anba rive sou dal la ap fè kay la pa estab



Pòt ak fenèt nan etaj anlè a dwe tonbe nan menm aplon ak sa ki nan etaj anba a

Lè pòt ak fenèt yo pa tonbe nan menm aplon, y ap kreye patil ki fèb nan kay la